

### Istwa Lekòl la ak Popilasyon li:

**Bati nan ane 2005**, Lekòl Ridge Community High geyen 122 anseyan, 16 pwofesè soutyen, 17 asistan pwofesè e 31 lòt pèsònèl. Done enskripsyon ki kolekte nan prentan 2013 la montre te genyen 2,525 elèv. Nan tout enskripsyon sa yo, genyen 17.1% Afwoameriken, 26.2% Blan e 52.2% Ispanik and 4.5% other nationalities.



**Enfòmasyon sou Tit 1:** 67.03% elèv resewva manje gratis e a ba pri, sa ki pèmèt nou kalifye pou Èd Federal nan Pwogram TIT I an. Dapre bidjè Tit I nou an, yo egjije pou nou depanse \$6,919.85 dola nan aktivite Patisipasyon Paran yo. Y'ap ranmase opinyon paran yo konsènan kouman lajan sa a pral depanse. Lajan sa a sèvi pou: salè, aktivite travay pwofesyonèl ekip lekòl la epi avi pou paran yo.

**Aplikasyon sou entènèt pou manje gratis/ba pri nan:** [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net) oswa rele nan 534-0588

## Enfòmasyon epòtan

**Reyinyon Anyèl Paran yo:** Nan reyinyon sa yo, paran yo pral resewva enfòmasyon sou kritè yo, egzamen yo e sou pwogrè elèv yo. Anplis, yo pral brase lide sou plan Amelyorasyon Lekòl la, Plan Patisipasyon Paran yo ak Pake Kontra Lekòl la.

### Konsèy sou kouman paran yo kapab bay plis patisipasyon!

Enskri pou sit Pötay Paran yo; Pran randevou rankont Paran/Pwofesè;

Fikse yon lè pou devwa chak jou

### Opinyon Paran yo

Yo bay paran yo opòtinite pou yo bay dizon yo atrevè sondaj, sware rankont paran chak klas ak nan atelye enfòmasyon.

**Nan prentan an**, yon ekip paran volontè travay nan yon komite pou revize Plan Patisipasyon Paran ki la deja a, rezime plan sa a ak Pake Kontra lekòl la.

**Nan lete a**, paran yo envite pou vin patisipe nan preparasyon Plan Amelyorasyon Lekòl la.

**Nan lotòn nan**, SAC ki se Komite Konsèy Lekòl la pral apwouve Plan Amelyorasyon Lekòl la ak Plan Patisipasyon Paran yo ki sot revizem a.

Gen kopi plan sa yo ki disponib nan sit entènèt lekòl la.

### Konsèy Komite Lekòl SAC

Yo ankouraje paran o pou yo travay kòm manm Konsèy sa a nan lide pou bati asosye ak lekòl la e sipòte siksè elèv yo.

#### Volontè

W'ap jwenn enfòmasyon konsènan volontè nan sit entènèt lekòl la oswa nan [www.polk-fl.net/community/volunteers](http://www.polk-fl.net/community/volunteers)

#### Asosye nou yo nan kominote a ak asosye biznis nou yo

Tanpri gedè nan sit entènèt lekòl nou pou w ka wè lis asosye biznis nou yo



Timoun yo se biznis nou!

### Aktivite ki bati kapasite

Y'ap fè atelye pou paran yo nan sijè tankou lekti, redaksyon, matematik ak syans. Paran yo pral resewva zouti, estrateji ak materyèl sipò pou yo travay ak pitit yo lakay la nan lide pou yo ede amelyore siksè akademik elèv yo.

#### Dat Atelye yo:

6 Oktòb 2015  
Novanm – Y'ap gentan anonse l  
Fevriye 2016—Y'ap gentan  
anonse l

**Pou w resewva rapèl nan aj tèks, text @rchsalerts to 81010**

### SANT PARAN YO:

[www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm](http://www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm)

### INIVÈSITE PARAN AN:

[www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm](http://www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm)



## DONE

W'ap jwenn done ki pi nèf nan sit entènèt FLDOE pi wo a.

### Ki sa yo egzije pou opsyon 24 kredi pou diplòm òdinè a?

4 Kredi Abilite Langaj nan Angle (ELA), 4 Kredi Matematik § Youn ladan yo dwe Aljèb I e youn dwe Jewometri § Yon sètifika Endistri ki mennen nan kredi inivèsite kapab ranplase jiska de (2) kredi matematik (sof Aljèb I ak Jewometri), 3 Kredi Syans § Youn ladan yo dwe Biyoloji I, de (2) ladan yo dwe gen yon pati laboratwa ladan yo § Yon sètifika Endistri ki mennen nan kredi inivèsite kapab ranplase jiska yon (1) kredi syans (sof Biyoloji I) § Yon kou Syans Òdinatè solid yo idantifye ki akonpaye yon sètifika nan endistri ranplase jiska yon kredi syans (sof Biyoloji I). Twa (3) Kredi Syans Sosyal, 1 kredi Istwa Mondyal, 1 kredi Istwa Lèzetazini, .5 kredi Gouvènman Lèzetazini, .5 kredi Ekonomi, 1 Kredi Pèfòmans Boza, Diskou e Deba, oswa kou nan Practical Arts Eligible (Aktivite Atistik Pratik Elijib) yo presi nan Lis Kòd Kou nan Florid yo nan sit <http://www.fldoe.org/articulation/CCD/default.asp>. 1 Kredi nan Edikasyon Fizik. Pou Lasante ladann, 8 Kredi Elektif, 1 Kou Sou Entènèt, elèv yo dwe reyalize 2.0 kòm GPA (pi gwo mwayèn pwen) nan yon echèl 4.0.

### Pwogram & Enstriksyon:

 Tout matyè yo chita sou Kritè Lekòl Eta Florid yo.

**KRITÈ LEKÒL FLORID YO:** <https://flstandards.org>  
<http://www.floridastandards.org/Standards/FIStandardSearch.aspx>

Nan reyinyon anyèl paran Tit I yo, paran yo ap resewva enfòmasyon sou pwogram nan, kritè yo, egzamen yo ak pwogrè pitit yo.

**EGZAMEN:** [www.polk-fl.net/parents/testing](http://www.polk-fl.net/parents/testing)

**Enfòmasyon ak Dat Egzamen yo:** Vizite sit entènèt lekòl nou an pou w ka jwenn yon lis konplè dat ak enfòmasyon sou egzamen yo.

## Kontwole Pwogrè Elèv la

**Sit Parent Portal la:** Antre nan enfòmasyon ak nan nòt pitit ou fasil tankou w t'ap konte 1-2-3. <https://parent.mypolkschools-net>.

**Evalyasyon:** Nou swiv kalandriye Distri a pou nou evalye elèv yo nan lekti, matematik, syans ak redaksyon. Anplis kalandriye distri a, pwogrè elèv yo pral evalye e kontwole selon evalyasyon nivo pèfòmans distri a fikse yo epi evalyasyon enfòmèl pwofesè yo reyalize.

**Kominikasyon Paran:** Enfòmasyon presi sou evalyasyon ak mwayèn elèv yo disponib nan men pwofesè pitit ou a e/oswa nan biwo konseye lekòl la. Y'ap debat enfòmasyon sou evalyasyon yo nan rankont ak paran yo. Tanpri kontakte pwofesè pitit ou a e/oswa konseye lekòl la pou w pran yon randevou k'ap bon pou ou.

**Lòt Enfòmasyon:** Tanpri kontakte Depatman Konseye nou an pou w planifye rankont paran. **Klas 8è ane**—Madam Benner; **Pou Elèv Finisan yo:** **A-C:** Madam Phillips; **D-H:** Mesye Haun; **L-M:** Madmwazèl Alexander; **N-Sc:** Madam Looney; **Se—Z:** Mesye Franklin

**Kijan w ka kontakte pwofesè pitit ou:** Tanpri rele lekòl la oswa vizite: [www.ridgecommunityhigh.com/contact-us.html](http://www.ridgecommunityhigh.com/contact-us.html)